

Dezyèm Endepandans **Second Independence** Segunda Independencia

Emmanuel W. Védrine



Photo Enoch Pinedo. Jan 15, 2022.

© E. W. Védrine -- Koleksyon : Collection : Colección
«Kri pou liberasyon • Cry for liberation • Grito de liberación»

March 2022

DEZYÈM ENDEPANDANS

Mwen tande Ayiti libere 7 Fevriye 1986

Mwen bay de kout ri: kwe, kwe

Ann sispann kwè nan Tonton Nwèl!

Ann sispann bwè nan bibon!

Ann kòmanse bwè nan boutèy!

De ki *endepandans* w ap pale?

Mwen bay de kout ri: kwe, kwe.

Ou ka pran sant yon *dezyèm endepandans*

Se yon bèl rèv, men li poko fèt.

Se yon ti bebe ki nan vant toujou

Men li poko akouche.

Ayiti ap endepandan, se lè tout chen va souse yon zo

Ayiti ap endepandan, se lè tout fatra va disparèt

Se lè tout chen va manje ak chat

Se lè tout lou va manje ak ti mouton

Se lè tout moun bwete va mache dwat

Se lè tout avèg va wè

Se lè dwadelòm p ap vle di dwèt moun

Se lè *Ti Pouchon** va di *Sentaniz**: «Ann fè yon sèl!

Nou tout se Ayisyen! Ann pouse pou pi dvan!».

Se lè sa a n a di: «Dezyèm Endepandans!».

* Nòt • *Ti Pouchon*: ti gason ki alèz • (*Ti*) *Sentaniz*: (tifi) pitit malere; tifi restavèk. © Emmanuel W. Védrine, 2022. Koleksyon : Collection : Colección «Kri pou liberasyon : Cry for liberation : Grito de liberación».

SECOND INDEPENDENCE

I heard that Haiti has been liberated on [February 7, 1986](#)

I give two short laughs

Let's stop believing in Santa Claus!

Let's stop drinking from baby bottles!

Let's start drinking from bottles!

What *independence* are you talking about?

I give two short laughs

You can smell a *second independence*

It's a dream, one that has not yet come true.

It's a baby who still in the mother's womb

But not yet born.

Haiti will be independent, when all dogs will suck a bone

Haiti will be independent when all trash will disappear

When all dogs will eat with cats

When wolves will eat with lambs

When the lame people will walk straight

When all blind people will see

When human rights will be respected

When *Ti Pouchon** will say to *Sentaniz**: "Let's be one!

We are all Haitians! Let's move forward!"

Then we will say: "Second Independence!".

* Note • *Ti Pouchon*: well-to-do (male) kid • (*Ti*) *Sentaniz*:

Unfortunate female child; unpaid live-in servant (female child)].

© Emmanuel W. Védrine, 2022. Koleksyon : Collection :

Colección «Kri pou liberasyon : Cry for liberation : Grito de liberación».

SEGUNDA INDEPENDENCIA

Escuché que Haití fue liberado el 7 de Febrero 1986

Doy dos risas cortas

¡Dejemos de creer en Papá Noel!

¡Dejemos de beber de los biberones!

¡Empecemos a beber de las botellas!

¿De qué *independencia* hablas?

Doy dos risas cortas

Puedes oler una *segunda independencia*

Es un sueño, uno que aún no se ha hecho realidad.

Es un bebé que aún está en el vientre de la madre

Pero aún no ha nacido.

Haití será independiente, cuando todos los perros chupen un hueso
será independiente cuando toda la basura desaparezca

Cuando todos los perros comerán con los gatos

Cuando los lobos comerán con los corderos

Cuando los cojos caminarán rectos

Cuando todos los ciegos verán

Cuando se respetaran los derechos humanos

Cuando *Ti Pouchon** le dirá a *Sentaniz**: «¡Seamos uno!

¡Todos somos Haitianos! ¡Sigamos adelante!»

Entonces diremos: «¡Segunda Independencia!».

* Nota • *Ti Pouchon*: niño acomodado • (*Ti*) *Sentaniz*: desafortunada niña;
Sirvienta interna no remunerada (niña). © Emmanuel W. Védrine, 2022.
Koleksyon : Collection : Colección «Kri pou liberasyon
: Cry for liberation : Grito de liberación».

Kesyon & Konpreyansyon • Questions & Comprehension • Preguntas & Comprension

1. Kilè Ayiti te gen premye endepandans li? • *When did Haiti have its first independence?* • ¿Cuándo tuvo Haití su primera independencia?
2. Pou kisa Ayiti bezwen yon dezyèm endepandans? • *Why does Haiti need a second independence?* • ¿Por qué Haití necesita una segunda independencia?
3. Kisa k te pase Ayiti 7 fevriye 1986? • *What happened in Haiti on February 7, 1986?* • ¿Qué pasó en Haití el 7 de febrero de 1986?
4. Ki sans fraz sa yo genyen pou ou: (a) «Ann sispann bwè nan bibon!», (b) «Ann kòmanse bwè nan boutèy!»? • *What is the meaning of these phrases for you: (a) "Let's stop drinking from baby bottles!", (b) "Let's start drinking from bottles"?* • ¿Cuál es el significado de estas frases para usted: (a) «¡Dejemos de beber de biberones!», (b) «¡Empecemos a beber de botellas!»?
5. Kòmante sou imaj sa a : «Yon ti bebe ki nan vant toujou». • *Comment on this image: "A baby who is still in the mother's womb"* • Comente esta imagen: «Un bebé que todavía está en el vientre de la madre».
6. Ki sans fraz sa a genyen pou ou: «Ou ka pran sant yon dezyèm endepandans...» • *What does this phrase mean to you: "You can smell a second independence..."* • ¿Qué sentido tiene esta frase para usted: «Se puede oler una segunda independencia»?
7. Nan fraz «tout chen va souse yon zo» , èske w panse fokis la reyèlman se sou chen nan tèks la? • *In the phrase "every dog will suck a bone", do you think the focus is really on dogs in the text?* • En la frase «cada perro chupará un hueso», ¿crees que el texto se centra realmente en los perros?
8. Kòmante sou fraz sa a : «Lè tout moun bwete va mache dwat» • *Comment on this phrase: "When all lame people will walk straight"* • Comente esta frase: «Cuando todos los cojos anden derechos».
9. Nan fraz « ... Lè tout avèg va wè», èske se de avèg vrèman otè a ap pale? • *In the phrase "When all blinds will see," is the author really talking about blind people?* • En la frase «Cuando todos los ciegos vean», ¿el autor realmente está hablando de personas ciegas?
10. «... Lè tout fatra va disparèt», ki sa k vin nan lide w nan fraz sa a? • *"When trash (rubbish) is gone," what comes to your mind in this sentence?* • «Cuando la basura se ha ido», ¿qué te viene a la mente en esta oración?

11. «... Lè dwadelòm p ap vle di dwèt moun», kòmante sou sans fraz sa a an kreyòl. • *"When human rights won't mean human fingers" (When human rights are respected), comment on the meaning of this phrase in Kreyol.* • «Cuando los derechos humanos no significan dedos humanos» (Cuando se respetan los derechos humanos), comente el significado de esta frase en kreyol.

12. Kòmante sou de pèsonaj sa yo : «Ti pouchon», «Sentaniz». • *Comment on these two characters: "Little Pouchon", and "Little Sentaniz".* • Comente sobre estos dos personajes: «Pequeño Pouchon» y «Pequeña Sentaniz».

• • •
E. W. Védrine Creole Project, Inc. (1992)
Boston, Massachusetts. USA

